



Pou Piblikasyon Imedya: 31/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ASISTANS POU CHOFAJ NAN KAY DISPONIB POU NOUYÒKÈ KI KALIFYE YO NAN 1 NOVANM

Fanmi ki kalifye yo kapab resevwa jiska 976 dola pou ede ak chofaj pandan ivè a

Y ap aksepte aplikasyon pou Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay yo nan 1 novanm

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Nouyòkè yo ki bezwen èd pou peye bòdwo chofaj yo kapab kòmanse aplike pou asistans pou chofaj nan kay nan madi 1 novanm. Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay (Home Energy Assistance Program, HEAP), ke yo konnen tou kòm HEAP, kapab bay jiska 976 dola nan ivè sa pou ede fanmi ki gen revni ba ak mwayen yo ak granmoun aje yo kenbe kay yo cho ak ede kouvri depans enèji ki wo yo.

"Nou rete angaje pou nou asire ke Nouyòkè ki pi vilnerab nou yo gen aksè a asistans ak pwogram ki pral ede rezoud depans ki wo yo pou chofe kay yo nan ivè sa a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwogram Èd pou Enèji nan Kay la se yon sekou vital pou yon bann fanmi New York epi mwen ankouraje tout moun ki kalifye yo pou yo aplike pou avantaj sa yo ki pral bay soulajman finansye ki nesesè anpil".

Pwogram nan, ki sou sipèvizon Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA), se sistèm federal la ki finanse li. Fanmi ki kalifye yo ka resevwa yon avantaj regilye chak sezón epi ta ka kalifye pou yon avantaj ijans si yo gen risk manke konbistib pou chofaj oswa pou yo ta koupe sèvis yo. Y ap aksepte aplikasyon pou avantaj ijans yo apati madi 3 janvye 2023.

Pwopriyetè kay ak lokatè ki kalifye yo ka resevwa asistans chofaj pou jiska 976 dola, tou depann de revni yo, kantite moun ki nan kay la ak fason yo chofe kay yo, epi si moun nan kay la gen yon manm ki vilnerab. Yon fanmi ki gen kat moun ka gen yon revni mansyèl brit maksimòm ki se 5,485 dola oswa yon revni anyèl brit ki se 65,829 dola epi yo toujou kalifye pou jwenn avantaj yo.

Valè [avantaj HEAP regilye yo](#) te ogmante akòz pi gwo depans nan chofaj yo prevwa pou ivè sa a. Avantaj la te ogmante nan 33 poustan pou fanmi yo ki chofe kay yo avèk

Iwil, kewozèn oswa pwopàn; 21 poustan pou fanmi ki chofe avèk bwa, granile bwa, chabon oswa mayi; ak 14 poustan pou fanmi ki chofe avèk elektrisite oswa gaz natirèl.

Yo aksepte aplikasyon pou asistans yo nan [depatman lokal sèvis sosyal yo](#) an pèsòn oswa pa telefòn, avèk finansman yo bay sou baz ke y ap sèvi moun ki vini anvan yo an premye. Rezidan andeyò Vil New York yo ka [aplike sou entènèt](#) tou pou avantaj asistans chofaj regilye yo. Rezidan Vil New York yo ka telechaje yon aplikasyon epi jwenn enfòmasyon sou pwogram lan [isit la](#).

Komisè Biwo Eta New York pou Asitans Tanporè ak pou Andikap, Daniel W. Tietz, te deklare, "Pi gwo depans nan chofaj yo nan ivè sa a pral menase bidjè fanmi yo nan New York. Pwogram Asistans Enèji nan Kay la bay sekou vital, espesyalman pou fanmi k ap travay ki gen revni ba yo, ansanm ak granmoun aje yo ki gen yon revni fiks. Mwen ankouraje tout moun ki gen bezwen èd pou yo aplike anvan tan pi gwo fredi a antre".

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "Pandan n ap antre nan mwa ivè yo epi lagè Putin kont Ikrèn nan ap kontinye ogmante, gen plis Ameriken k ap soufri akòz depans enèji nan kay k ap monte yo, sitou granmoun aje yo ak fanmi ki gen revni ba yo. Mwen te batay di pou fè avanse finansman siplemantè pou Pwogram Asistans pou Enèji nan Kay la, epi mwen rekonesan dèské mwen te rive sekirize sipò gouvènman federal la pou pwogram vital sa a. Mwen pral kontinye fyè tout sa mwen kapab pou bay soulajman ki nesesè pou Nouyòkè yo ak asire fanmi yo kapab peye bòdwo enèji yo".

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou alokasyon finansman federal ke li te ede jwenn pou kenbe Nouyòkè yo cho, epi mwen ankouraje tout fanmi ki kalifye nan distri mwen an ak nan tout Vil New York pou yo aplike pou èd pou ivè sa a ak itilize resous sa yo pou reponn ak depans chofaj kay yo. Pandan n ap antre nan ivè nan mwa k ap vini yo epi tanperati yo kòmanse bese, li empòtan pou nou bay sipò ki nesesè pou asire rezidan yo, kominote vilnerab yo ak granmoun aje yo ki gen revni limite yo, ka chofe kay yo pou yo ka rete cho san yo pa sousye yo pou depans enèji yo".

Yo te bay apeprè [1.7 milyon avantaj HEAP](#) nan ivè pase a, sa ki te pi wo nan omwen senk ane pase yo. Yo prevwa demann pou asistans konsa yon lòt fwa ankò pou ivè sa a.

Nouyòkè ki resevwa asistans HEAP sezon sa a epi ki kontinye bay reta nan bòdwo sèvis publik yo oswa ki pa gen ase gaz pou chofaj ka kalifye tou pou yon avantaj HEAP ijans pou yon sèl fwa. Yo pral aksepte aplikasyon pou avantaj ijans yo apati 3 janvye.

Kounye a gen èd ki disponib tou pou mèt kay ki kalifye yo si ekipman chofaj prensipal yo danjre oswa li pa fonksyone epi si yo dwe repare oswa ranplase founo oswa chodyè yo. Kantite avantaj atravè pwogram Reparasyon ak Ranplasman Ekipman Chofaj HEAP yo baze sou pri reyèl ki fèt pou repare oswa ranplase ekipman chofaj esansyèl la—jiska 4,000 dola pou yon reparasyon ak 8,000 dola pou yon ranplasman. Kantite maksimòm

yo te ogmante tou pa rapò ak ane pase akòz pi gwo depans nan mendèv ak materyèl yo.

Pwopriyetè kay ki kalifye yo kapab aplike kounye a pou yon avantaj pou Netwaye ak Regle Ekipman Chofaj HEAP pou kenbe pwòp sous chofaj prensipal lakay an fonksyon nan kapasite maksimòm yo. Aplikan pou avantaj sa yo dwe kontakte depatman sèvis sosyal lokal yo a pou yo jwenn plis enfòmasyon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418